

Tèm sou Itilizasyon Kat Debi Visa® Florida an

Akò Kat Debi Visa® Florida sa a (“Akò”) se yon tèm ak kondisyon ki gouvène itilizasyon Kat Debi Visa Florida an (“Kat”). Tanpri li Akò sa a ak antansyon epi kenbe li pou dosye w yo.

Nan akò sa a, tèm “nou”, “nou”, ak “pa nou”, vle di ACS State & Local Solutions, Inc. (ACS) ak siksesè, ajan ak deziyen li yo. Tèm “ou menm” ak “pa w”, vle di moun ki genyen yon akò avèk Depatman pou Opòtinite Ekonomik Laflorid “Florida Department of Economic Opportunity” (DEO) la pou akseptè peman nan Kat la, moun pou ki yo te remèt kat la, epi moun ki resevwa ak itilize Kat la. “Kat” ki vle di founisè Kat Debi Visa DEO an ou pou nan men ACS epi Wells Fargo Bank, N.A. te voye kat la annakòdans avèk yon lisans nan men Visa U.S.A. Inc. “State” refere pou DEO respektif ki depoze lajan nan kont ou an.

Akò an dekri dwa w ak obligasyon w pou respekte Kat la. Si w pa dakò avèk tèm sa yo apre ou anwole nan pwogram Kat la oswa ta preferè pou resevwa peman nan yon fason ki diferan (e.g., pa depò dirèk), tanpri kontakte Eta an epi pa aktive Kat ou an. OU PA KAPAB ITILIZE KAT SA A POU FÈ YON TRANZAKSYON JISKASKE OU CHWAZI YON NIMEWO IDANTIFIKASYON PÈSONÈL (PIN), KI VALIDE KAT LA TOUT SI OU PA VLE AKSEPTE PEMAN SOU KAT LA, TANPRI NOTIFYE ETA AN IMEDYATMAN.

Lè w chwazi PIN ou epi aktive Kat la annakòdans avèk enstwiksyon ki vin avèk Akò sa a, ou pral dakò pou konfòme ak Akò sa a. Lè w itilize Kat la sa pral anko montre prevw ou dakò.

- Peman yap ba w.** Yon kont kat debi pre-peye te etabli avèk nou pou remèt ou peman w yo. Si ou resevwa Kat Debi Visa sa a pa garanti ou ranpli kritè pou elijiblite alokasyon Leta te etabli, oswa ou pral resevwa peman alokasyon sou kat la. Leta pral depoze peman nan Kat ou an pou konvinyans ou. Nou pral fè lajan yo disponib pou ou nan montan Leta deziyen an, epi ou pral kapab jwen aksè sou lajan sa yo avèk Kat ou an. Ou pap kapab depanse oswa retire kach ki depase montan lajan ki afiche sou Kont Kat ou an. Ou kapab itilize Kat ou an nan kote komèsyal ak nan labank ki akseptè Kat Debi Visa toupatou nan lemond.

- Nimewo Idantifikasyon Pèsonèl.** Ou pap kapab itilize Kat ou an nan yon Machin Telè Otomatize (“ATM”) ak kek nan tèminal Kote Ki Vann an Detay (“POS”) yo san yon PIN. Yo kapab mande w pou siyen resi vant la oswa founi idantifikasyon, olye ou rantrè PIN ou an, pou sèten tranzaksyon POS yo. Nan sèten komès, tankou estasyon gazolin yo, yo ka pa mande pou siyen non ni antre PIN ou.

- Tranzaksyon Kat yo.** Ou kapab itilize Kat ou an pou retire lajan nan Plus ATM yo ak fè acha nan Visa ak Interlink ki akseptè lokasyon komès, ki patisipe nan rezo Visa® ak Interlink yo. Lè w itilize Kat ou a pou inisyè yon tranzaksyon nan sèten lokasyon komèsyal, tankou otèl ak lwe otomobil, kote yo pa konnen montan acha total la nan moman sa a, yo kapab mete yon estòp tanporè sou lajan ki nan kont la pou yon montan ki egal ak tarif jounalye a , plis 15% pou kouvri depans esandantal ki ajoute sou bòdwo final la. Lajan yo kenbe a pap disponib pou ou pou okenn lòt rezon jiskaske machann la te fin regle avèk kont ou an. Nenpòt montan an eksè pral retounen nan kont ou an pou itilize lè tranzaksyon an fin regle. Regilasyon sa a aplike pou tranzaksyon a baz siyati kote ou pa itilize PIN ou an pou konplete tranzaksyon an.

Kach ranbousman pap fèt pou acha ou fè pou POS yo. Si yon komèsan ba w kredi pou machandiz ou retounen oswa ajisteman, li ka fè sa lè li fè yon pwosesis ajisteman kredi, pou ki nou pral aplike kòm kredi sou lajan ki disponib ou yo. Nou kapab refize pou otorize yon tranzaksyon Kat si: (a) li pral depase montan Leta te avize nou pou rann disponib pou itilizasyon w; (b) ou te rapòte yo te vòlè Kat la; (c) nou kwè Kat la fo ; oswa (d) nou pa sèten se ou menm ki otorize tranzaksyon sa a. Nou kapab “bloke” Kat ou an tanporèman epi eseye pou kontakte w si nou wè tranzaksyon ki pa nòmal oswa ki prèt sispèk.

Ou pap kapab itilize Kat ou an pou fè tranzaksyon ki depase montan lajan yo mete disponib pou ou atravè pwogram Leta sa a. Kapab genyen okazyon kote yon depo te afiche sou kont ou an pa erè, oswa lè yo ajoutè lajan ki pa pou ou. Ou pa otorize pou depanse lajan sa yo paske Leta pa otorize pou lajan sa yo disponib nan Kat ou an. Nan ka sa yo, nou pral korije erè sa a le moman nou konnen epi nou pral ajiste li nan kont ou an. Sizoka ajisteman an ta vin rann balan kont ou an pou vin negatif, nou pral voye yon notifikasyon ba ou pa lapòs pou eksplike rezon erè an ak rezon pou ajisteman an. Si ou te depanse lajan an avan nou te idantifye erè an, montan ou pral genyen pou ranbouse an pral dedwi nan peman yon pral fè nan lavni nan kont ou an, nan fason ki dekri nan Seksyon 9 la oswa yo kapab mande w pou peye nou pou kouvri balans negatif la. Ou pa dwe itilize sèvis Repons Vokal Entegre (IVR) a ki asosye avèk Kat ou an pou fè yon peman elektwonik oswa pou voye lajan elektwonikman andeyò Etazini. Ou pa dwe itilize Kat ou an nan yon fason ki pa legal (pa egzanp nenpòt kont ki fòme pou fasilite Jwèt аза sou Entènèt la). Ou dakò pou pran etap pou asire ou pa itilize Kat ou an oswa montan ki nan Kat la pou tranzaksyon ki pa legal annakòdans ak lwa ki gouvène Kat ou ak kont ou an. Anplis, Wells Fargo Bank, N.A. (kòm pati ki remèt Kat ou an) rezève tout dwa pou denye tranzaksyon oswa otorizasyon nan men yon komèsan ki aparaman angaje nan biznis jwèt аза sou Entènèt la oswa idantifye tèt yo atravè dosye tranzaksyon Kat la oswa si yo angaje nan kalite biznis sa yo. Ou kapab estòpe yon peman pou yon peman ki fèt chak mw a ki pre otorize swa lè ou rele nou oswa ekri nou omwens twa jou ouvrab avan dat peman an.

ACIDFC02

Tanpri konnen ou kapab jwenn difikilte pou itilize Kat ou an nan: Yon machin vant otomatize ak kiosk ki pa gen moun k ap okipe li; ponp nan estasyon gazolin (ou kapab ale andedan pou peye); epi sèten lòt komèsan, tankou konpayi ki lwe otomobil, kote ou kapab kenbe yon montan pre-otorize jiskaske yo fin remèt ou bòdwo final la. Nan fason ki dekri anwo la a, lajan yo kenbe a pap disponib pou ou pou okenn lòt rezon jiskaske machann la te fin regle avèk kont ou an.

- Sekirite Kat ak PIN.** Ou dakò pou pa bay oswa kite lòt moun pou konnen nimewo Kat ou an oswa PIN ou. Pou rezon sekirite, ou dakò pou pa ekri PIN ou an sou Kat la oswa kenbe nan menm kote ou kenbe Kat ou an. Kat ou an se pwopriyete nou , epi ou dwe retounen li lè nou mande w.

- Frè yo.** Ou genyen dwa pou retire lajan an kach san limit sèlman nan lokasyon kote ATM ki “nan-rezo” yo ye. ATMs nan-rezo enkli, ATM Wells Fargo Bank ak rezo MoneyPass ATM lokasyon rezo yo. Yo pral pran yon frè \$2.25 pou chak fwa ou pran lajan nan yon ATM nan nepòt lòt ATM yo ki pa ATM nan-rezo. Tout tranzaksyon ATM Entènasyonal pral genyen yon frè pou \$2.25.

Ou genyen dwa pou rekèt balans san limit nan ATM ki “nan-rezo” yo. Yo pral pran yon frè \$0.75 pou chak fwa ou fè rekèt balans nan yon ATM ki pa ATM nan-rezo. Yo pap peye anyen pou lè ou tenyen yon deni ATM. Yon deni rive lè pa genyen ase lajan pou kouvri demann pou retire kach la.

Genyen sèten bank ki ajoute yon sichaj pou retire lajan nan ATM yo an. Si w fè yon tranzaksyon nan yon ATM ki pa opere sou bank ATM nan-rezo, mèt ATM sa yo kapab enpoze yon frè adisyonèl yo rele sichaj. Ou kapab evite frè sichaj adisyone sa yo lè w itilize ATM ki nan-rezo yo.

Anplis pou kapasite pou retire lajan san limit nan lokasyon ATM ki nan-rezo yo, ou gen dwa yon retrèt lajan kach pou chak depo ki fè nan yon fenèt telè Entituisyon Finansye Visa chak mwa. Apre yon gratis pou chak depo, yo pral pran yon frè \$3.00 pou chak retrèt ou fè nan yon fenèt telè yo.

Si w vwayaje andeyò Etazini epi ou ta renmen itilize kat la nan yon ATM, yo pral pran yon frè \$2.25 ATM entènasyonal pou retrèt kach epi sou tout tranzaksyon entènasyonal pral genyen yon frè 3% sou montan tranzaksyon an yo pral ajoute, pou toude acha ak retrèt nan ATM yo. Yo defini yon tranzaksyon entènasyonal kòm yon tranzaksyon kote peyi ki remèt ou kat la diferan pase peyi kote tranzaksyon an te fèt la. Tranzaksyon ki fèt nan Pòto Riko ak Zile Vyej Ameriken yo pa enkli.

Apre ou fin resevwa premye Kat ou an, genyen yon frè \$4.00 pou ranplase Kat ki pèdi oswa yo vòlè (plis yon \$14.50 adisyonèl si ou mande pou yo voye Kat la lelandemen olye kourye regilye). Ou gen dwa pou resevwa yon Kat ranplasan gratis pou chak peryòd benefis. Yo dedwi frè yo nan montan Leta deziyen pou itilize yo. Pa genyen okenn frè pou administrasyon lajan w yo.

Sèvis adisyone yo, si ou ta renmen pou itilize sèvis pou peye bòdwo IVR la, yo pral pran \$0.50 pou chak tranzaksyon. Si w ta renmen pou transfere lajan nan kat debi w la sou yon kont bankè pèsonèl nan Etazini, yo pral pran yon frè \$1.50. Pa genyen okenn frè pou anrejistre pou resevwa notifikasyon pa imèl, telefòn oswa mesaj tèks.

Ou genyen dwa pou resevwa senk (5) apèl gratis nan inite Sèvis Konsomatè Repons Vokal Entegre (IVR) ak apèl operatè asiste yo. Apre senk apèl gratis yo ou pral peye yon frè \$0.50 pou chak apèl adisyonèl. Apèl gratis yo pral espire nan fen mwa a si ou pa itilize yo.

- Tranzaksyon Lajan Etranje yo.** Tarif echanj ant tranzaksyon lajan ak lajan biling ki itilize pou pwosesis tranzaksyon entènasyonal se yon tarif Visa chwazi nan yon chan tarif ki disponib nan mache lajan angwo pou dat pwosesis santral ki aplikab, kote tarif la kapab varye pase tarif Visa resevwa an oswa tarif gouvènman an egzijè sou dat pwosesis santral la ki aplikab.

- Dosye sou Lajan ak Tranzaksyon Ki Disponib pou ou yo.** Yo founi istwa tranzaksyon w yo nan Sèvis Konsomatè Repons Vokal Entegre a, lè w chwazi pou pa pale ak yon operatè pou mande yon deklarasyon lekri, o lè w ale nan sitwèb www.EPPICard.com pou enprime istwa tranzaksyon yo. Refere w sou depliyan enstwiksyon an pou detay yo. Nan sitwèb la, ou kapab chwazi ak enprime rapò kont chak mwa yo pou kapab siyevè tranzaksyon yo ki afiche nan kont ou an. Montan lajan ki disponib enprime sou resi ou resevwa lè ou fè yon retrèt oswa yon rekèt balans nan sèten ATM. Ou genyen dwa tou pou resevwa yon rezime tranzaksyon w yo pou 60 jou avan demann ou an lè w rele nou nan 1-888-898-3584.

- Kat/Pin ki Pèdi oswa Vòlè.** Si ou kwè ou pèdi oswa yo vòlè Kat oswa PIN ou an oswa yon moun te transfere oswa kapab transfere lajan nan lajan ki disponib ou yo san pèmision w, rele nou imedyatman nan 1-877-829-4130 oswa ekri nou nan Customer Account Services, P.O. Box 245997, San Antonio, Texas 78224-5997.

- Ajisteman sou Balans Kont ou an.** Genyen okazyon lè yo pral fè ajisteman nan kont ou an pou reflekte ajisteman pou komèsan, rezoud diskisyon kat yon moun konsènan yon tranzaksyon ki afiche sou kont la, oswa pou korije antre ki afiche oswa depo ki fèt pa erè. Antre pwosesis ak ajisteman sa yo kapab koze kont ou an pou genyen yon balans negatif. Ou dakò pou repeye montan nenpòt

tranzaksyon ki depase montan otorize an oswa koze kont ou an pou genyen balans negatif, swa nan depo ki pral fèt nan lavni sou kont ou an oswa avèk yon chèk pèsonèl oswa manda monetè. Nou pral dedwi montan ou pral ranbouse a nan peman ki pral fèt nan lavni nan kont ou an. Si pap genyen okenn lòt depo ki pral fèt nan kont ou an, nou kapab voye yon notifikasyon demann pou yon chèk oswa manda monetè pou satisfè balans negatif nan kont ou an. Ou dwe voye peman w la pa lapòs pou Customer Account Services, P.O. Box 245997, San Antonio, Texas 78224-5997. Ou toujou genyen dwa pou diskite montan ki afiche an.

- Nan Ka Erè oswa Kesyon Konsènan Tranzaksyon w yo.** Si w panse genyen yon erè ki te rive an koneksyon avèk lajan ki disponib ou yo, rele nou nan nimewo Sèvis Konsomatè an nan , 1-888-898-3584, le pi vit ou kapab; oswa ekri nou nan Customer Account Services, P.O. Box 245997, San Antonio, Texas 78224-5997. Ou dwe resevwa repons nan men ou pa pi ta pase 60 jou apre ou te resevwa istwa tranzaksyon lekri oswa lòt enfòmasyon tranzaksyon nan ki erèt a te fèt parèt. W ap bezwen pou di nou:

- Nou w ak nimewo kat la,
- Pou ki rezon ou kwè genyen yon erè ak montan dola ki prezante an,
- Apreprè kilè erè a te fèt,

Si nou pa kapab rezoud erè a pa telefòn, nou pral voye ba ou yon fòm Demann pou investigasyon pou ranpli ak retounen. Ou dwe retounen fòm la nan lespas 10 jou ouvrab pou Customer Account Services, P.O. Box 245997, San Antonio, Texas 78224-5997.

Nou pral detèmine si ou pa yon erè te fèt nan lespas 10 ouvrab apre nou te resevwa fòm Diskisyon Envestigasyon an ak kopi resi w yo. Nou pral korije erè a imedyatman. Si detèminezon an pa fèt nan lespas 10 jou ouvrab (20 jou ouvrab pou nouvo kont kat ki luvri nan mwens pase 30 jou) epi nou bezwen plis tan pou, nou kapab pran jiska 45 jou pou envestige plent ou an. Si nou deside pou fè sa, nou pral retounen lajan nan kont ou an ki egal as sa ki nan diskisyon an pandan n ap envestige. Si nou mande w pou mete plent ou an lekri epi ou pa retounen li nan lespas 10 jou ouvrab, nou pap kredite kont ou an. Pou erè ki gen relasyon ak POS oswa tranzaksyon ki fèt aletranje yo, nou kapab pran jiska 90 jou pou envestige plent oswa kesyon yo.

Nou pral fè w konnen rezilta yo nan lespas twa jou ouvrab apre nou konplete envestigasyon nou yo. Si nou deside pat genyen okenn erè, nou pral voye w yon eksplikasyon lekri. Ou kapab mande pou resevwa kopi dokiman nou itilize yo nan envestigasyon nou an. Si w bezwen plis enfòmasyon konsènan pwosesis rezolisyon erè yo, rele nou nan nimewo ki jnan seksyon ki avan yo.

- Responsablite w yo.** Ou responsab pou tout itilizasyon otorize sou Kat ou an. Eksepte san seksyon ki anba la a, ou pap responsab pou yon itilizasyon ki pa otorize sou Kat ou an. Yon itilizasyon ki “pa otorize unauthorized” se yon retrèt pou ki ou pat fè tranzaksyon an. Nou kapab refize pou ranbouse w pou yon tranzaksyon ou te deklare ki pat otorize si (1) ou te bay Kat , nimewo Kat , ak/oswa PIN ou pou yon lòt moun pou ki ou te ekspresèman ak klèman te otorize pou itilize Kat ou an, menm si moun sa a te fè retrèt oswa achte plis pase sa ou te otorize yo, (2) nou te vin gen konklizyon fakte yo pa sipòte reklamasyon an nan yon fason ki gen sipò rezonab pou yon itilizasyon ki pa otorize

Si w kwè ou te pèdi oswa yo vòlè Kat oswa PIN ou an, rele nimewo Sèvis Konsomatè a imedyatman, nan 1-888-898-3584, oswa ekri nou nan Customer Account Services, P.O. Box 245997, San Antonio, Texas 78224-5997 pou kenbe posiblite pè ou pou yon minimòm. Politik Visa pou Zewo Responsablite asire pwoteksyon w pou responsablite yon tranzaksyon ki pa otorize sou kont ou an pa yon moun ki diferan pase ou menm lè w rapòte sa imedyatman. Tranzaksyon ki pa Otorize yo se tranzaksyon ou pa fè pèsonèlman, ou pat otorize yon komèsan pou fè, oswa pat genyen okenn konesans sou moun ki te fè tranzaksyon an. Ou pa responsab pou tranzaksyon ki pa otorize, eksepte si ou rapòte de (2)oswa plis esandant itilizasyon ki pa otorize pandan 12 mwa ki pase yo, oswa Kat ou an pa nan bon estanda, oswa ou pat pran ase prekosyon pou pwoteje Kat ou an nan risk pèt oswa vòl. Ou kapab pèdi tout lajan ki asosye avèk Kat ou an.

Ou kapab pèdi tout lajan ki asosye avèk Kat ou an. Si ou fè nou konnen nan lespas de (2) jou ouvrab apre ou te vin konnen sou pèt oswa vòl Kat la, swa nan deklarasyon kont ou an oswa nan tranzaksyon ki te rapòte sou istwa la nan Repons Vokal Entegre (IVR), ou pral responsab sèlman pou premye \$50; apre 2 jou ouvrab ou pral responsab pou jiska \$500. Si ou pa notifie nou sou pèt la nan lespas 60 jou apre ou te aprann istwa oswa enfòmasyon sou kont ou an, ou responsab pou tout montan pèt la. Nou pral anile Kat ou an si ou rapòte pou nou yon pèt, vòl oswa destwiksyon. Lemoman nou anile Kat ou an, ou papa responsab pou lòt tranzaksyon ki fèt apre sa pou tranzaksyon ki fèt apre Kat la te anile. Nou pral voye yon lot kat pou ou.

- Responsablite nou yo.** Si nou pa konplete yon transfè lajan nan oswa sòti nan Kat ou an yon fwa oswa nan montan ki kòrèk dapre Akò sa a, nou kapab responsab pou pèt oswa andomajman yo. Genyen kek eksepsyon ki enkli men pa limite ak sa ki annapre la yo:

- Lè se pa fòt nou, ou pa genyen ase lajan ki disponib nan kat ou an pou fè yon tranzaksyon
- Sikonstans ki depase kontwòl nou (tankou ensandi, inondasyon, andomajman dlo, pèt elektrisite, grèv, diskisyon mendèv, òdinatè ki gate,

liy telefòn pa travay, oswa dezaz natirèl) evite oswa mete delè nan transfè

- malgre prekosyon rezonab nou pran yo,
- Sistèm, tèminal ATM oswa POS pat fonksyone byen epi ou te konnen pwoblèm la lè w te kòmanse tranzaksyon an,
- Leta pat otorize nou pou fè lajan ki nesèsè yo disponib nan Kat ou an,
- Lajan yo disponib nan Kat ou an sijè pou pwosedi legal oswa pa disponib pou retrèt, oswa
- Nou pa ka fè tranzaksyon sa a paske Kat ou an andomaje.

- Vi Prive.** Nou kapab jwenn enfòmasyon ki pa piblik konsènan w (pa egzanp, non w, adrès, nimewo telefòn, nimewo sekirite sosyal, ak dat nesans) nan me Leta, defason pou nou verifye idantite w. Nou pa divilge enfòmasyon finans pèsonèl ki pa piblik nou te jwenn an koneksyon ak pwogram Kat sa sou nenpòt moun ki genyen kat la kouneye a oswa te genyen li anvan bay okenn moun, eksepte: pou regle yon tranzaksyon sou demann ou, bay leta oswa yon ajan an koneksyon avèk kont ki finanse peman Kat yo; kote li nesèsè oswa itil pou efikasite, administrasyon oswa ranfòse yon tranzaksyon; pou konfòme avè lwa, regilasyon, pwosesis legal oswa lòd tribinal; pou otorite lokal, leta ak federal yo si nou kwè on krim te fèt konsènan yon Kat; oswa nan fason lalwa pèmèt. Nou mete restriksyon sou aksè enfòmasyon pèsonèl ki pa piblik konsènan w pou anplwaye ki bezwen konnen enfòmasyon sou ou defason pou yo founi w pwodui ak sèvis. Nou kenbe sekirite fizik, elektwonik ak pwosedi ki konfòme avèk regilasyon federal pou pwoteje enfòmasyon w yo ki pa piblik.

- Jou Ouvrab yo.** Jou ouvrab yo se Lendi a Vandredi, esepte jou ferye.

- Asiyasyon.** Ou pa bezwen ou asiyen dwa w oswa obligasyon w an konneksyon avèk Akò sa a, lajan ki disponib nan Kat ou an , oswa Kal la limenb bay lòt moun. Nou kapab asiyen dwa w ak obligasyon w yo sou Akò sa a bay lòt moun san notifikasyon alavans oswa konsantman w.

- Divizibilite/Leve.** Si nenpòt nan pwovizyon Akò sa a pa legal, nil, oswa pa ka ranfòse, li pral nesèsè pou elimine nan Akò sa a epi li pap afekte validite ak ranfòsman rès pwovizyon yo. Nou kapab gen delè pou ranfòse dwa nou genyen nan Akò sa a san nou pa pèdi yo. Nenpòt leve nou fè pap konsidere yon leve sou nou dwa nou yo oswa menm dwa yon lòt fwa.

- Lwa ki Gouvène yo.** Modalite ki nan Akò pral gouvènèn ak entèprete annakòdans avèk lwa Eta Florida yo san li pa entèfere ak chwa règleman lalwa li fè.

- Aksyon Legal.** Nou kapab konfòme avèk yon lòd pou komparèt, sezi oswa aksyon legal, nou kwè (kòrèkteman ou pa) ki valid. Nou kapab notifie w konsènan aksyon sa a pa telefòn, elektwonikman oswa lekri. Si pati ki sèvi aksyon an pa ranbouse nou konplètmàn pou rechèch nan dosye nou an, frè pou foto kopi ak administrasyon, nou kapab chaje depans sa yo sou lajan ki nan Kat ou an, plis frè pwosesis legal nou an ki \$50. Nou7 kapab onore pwosesis legal ki sèvi pèsonèlman, pa lapòs, oswa pa transmisyon faks nan nenpòt ofis nou yo (ki enkli lokasyon ki diferan pase kote nou kenbe lajan, dosye oswa pwopriyete y ap mande yo, menm si lalwa egzijje delivrezon pèsonèl nan yon lokasyon ki diferan.

- Chanjman nan Tèm yo.** Nou kapab chanje (ajoute sou, efase oswa chanje) akò sa a nenpòt lè depi nou founi w yon notifikasyon alavans.

- Tèminezon.** Nou kapab sispann oswa tèmine itilizasyon w sou Kat la avèk oswa san notifikasyon nenpòt lè depi nou founi w notifikasyon alavans. Nou kapab tèmine itilizasyon w sou Kat la ak sèvis sa a imedyatman si: ou te vyole Akò sa a oswa nepòt lòt akò ou genyen avèk nou;; Leta oswa ajan li yo te notifie nou pou fè sa; nou genyen rezon pou kwè te genyen oswa genyen yon itilizasyon san otorizasyon sou disponibilite lajan ki nan Kat yo, Kat oswa PIN; oswa genyen yon reklamasyon ki gen konfli nan lajan ki disponib nan Kat la. Ou kapab sispann oswa tèmine itilizasyon w sou Kat la avèk oswa san notifikasyon nenpòt lè depi ou founi nou notifikasyon alavans. Ou dwe notifie Leta tou sou tèminezon an epi fè lòt aranjman pou peman nan lavni yo.

- FDIC Asire.** Lajan ki asosye avèk Kat sa a asire oswa garanti pa Federal Deposit Insurance Corporation, annakòdans ak tranzaksyon sou kont la ki aplikab yo.